

Kisa w te fè avèk non mwen?

Pa Èldè Mervyn B. Arnold

Nan Swasanndis yo

Yon jou nou chak apral gen pou n al rann kont bay Sovè nou an, Jezikri, pou sa nou te fè avèk non li.

Lè Prezidan George Albert Smith te jèn, granpapa l ki te mouri, George A. Smith, te vizite l nan yon rèv epi l te mande l, “Mwen ta renmen konnen kisa ou te fè avèk non mwen.” Prezidan Smith te reponn, “M pa t janm fè anyen avèk non ou ki ta ka fè ou wont.”¹

Chak semèn lè nou pran sentsèn, nou fè alyans ak pwomès ke nou pare pou pran non Kris la sou nou, pou nou toujou sonje li, e respekte kòmandman li yo. Si nou dispose pou n fè sa, nou gen pwomès bediksyon ki pi ekstraòdinè sa a---ke Lespri l ap toujou avèk nou.²

Menmjan Prezidan George Albert Smith te oblije rann gran papa l kont pou sa l te fè avèk non li, yon jou, nou menm tou nou pral gen pou rann Sovè nou, Jezikri, kont pou sa nou te fè avèk non li.

Enpòtans pou gen yon bon renome site nan liv Pwovèb yo, kote nou li, “Pito yo nonmen non ou an byen pase pou ou gen anpil richès. Pito moun gen anpil konsiderasyon pou ou pase ou gen anpil lajan ak anpil lò”³ epi “Ya fè lwanj pou moun debyen!”⁴

Lè m medite sou ekriti sa yo ak enpòtans pou gen yon bon renome, anpil souvni monte nan lespri m konsènan bon renome ak eritaj paran m te kite pou kat frè m yo, de sè m yo avèk mwen. Paran m pa t rich selon mond lan, ni yo pa t gen lajan ak lò. Nou nèf te grandi nan yon de chanm kay, yon twalèt avèk yon galri fèmèn sou dèyè, kote sè m yo te konn dòmi. Lè paran m te mouri, frè m yo ak sè m yo avèk mwen te reyini pou pataje byen yo te genyen sou tè a, ki pa t anpil ditou. Manman m te kite kèk rad, kèk mèb ize, ak kèk grenn bagay pèsònèl. Papa m te kite kèk zouti menuizye, kèk fizi lachas, ak lòt ti bagay. Sèl bagay ki te vo yon ti lajan sete yon ti kay modès ak yon ti kont epay.

Ansanm, nou te kriye kareman, nou te ofri remèsiman, paske n te konnen ke yo te kite yon bagay ki pi presye pou nou pase lajan oswa lò. Yo te ba nou lanmou yo ak tan yo. Yo te souvan rann temwayaj yo sou verasite levanjil la, ke nou ka li kounyeya nan jounal presye yo. Pa vrèman nan pawòl, men nan egzanp yo, yo te anseye nou travay di, rete onèt ak peye yon dim konplè. Yo te kite nan nou yon dezi pou kontinye edikasyon nou, sèvi yon misyon, e pi enpòtan an, chèche yon konpayon etènèl, marye nan tanp, epi pèsèvere jiska lafen. Vrèman yo te kite yon bon renome pou nou kòm eritaj, ki merite rekonesans nou pou tout tan.

Lè pwofèt byeneme Elaman ak madanm ni te jwenn benediksyon de pitit gason, yo te rele yo Leyi ak Nefi. Elaman te di pitit gason l yo poukisa li te ba yo non de nan zansèt li yo, ki te viv sou tè a prèske 600 ane anvan nesans yo. Li te di:

“Gade pitit gason m yo. . . m te ba nou non premye paran nou yo [Leyi ak Nefi] . . . epi m te fè sa pou lè nou sonje non nou. . . n ap *sonje zèv yo*, e lè nou *sonje zèv yo*, *nou kapab konnen poukisa moun di*, *epi poukisa moun ekri*, *yo te bon moun*.

“Se poutèt sa, pitit gason m yo, m ta vle pou nou fè sa ki bon, *pou yo kapab di*, *e pou yo kapab ekri pou*

nou, menm jan yo te di ak ekri sou yo a

*“...Pou nou kapab gen gwo kado presye lavi etènèl sa a.”*⁵

Frè m ak sè m yo, nan 600 an, kisa moun pral sonje de non nou?

An palan de fason nou ka pran non Kris la sou nou, epi konsa, pwoteje bon renome nou, Mowoni te anseye:

“Epi ankò, m ta vle egzòte nou pou nou vin jwenn Kris la, e pou nou kenbe tout bon don e pa touche move don an, ni bagay ki pa pwòp.

*“Wi, vin jwenn Kris la, epi pèfeksyone nou nan li, e debarase kò nou ak tout endiyite.”*⁶

Nan bwochi enspire *Pou Fòs Jèn yo*, nou li ke libète pou chwazi se yon prensip etènèl Bondye bay ki pote responsablite moral pou chwa nou fè. . . .Pandan ke [nou] lib pou chwazi pou [tèt pa nou], [nou] pa lib pou chwazi konsekans aksyon [nou] yo. Lè [nou] fè yon chwa, [nou] ap gen pou sibi konsekans chwa sa a.”⁷

Yon ti tan apre cheri m nan, Devonna avèk mwen te marye, li te pataje avèk mwen yon istwa sou fason li te aprann nan jenès li doktrin enpòtan sa a ki di ke nou lib pou chwazi men, nou pa lib pou chwazi konsekans aksyon [nou] yo. Avèk èd pitit fi mwen, Shelly, m ta renmen rakonte eksperyans Sè Arnold la:

“Lè m te gen 15 an, m te souvan santi ke te gen twòp règ ak kòmandman. M pa t sèten ke yon tinedjè nòmal, ki renmen amize li te ka jwi lavi avèk pakèt restriksyon sa yo. Pi plis toujou, pakèt tan m te pase ap travay sou fèm papa m nan te seryezman pran nan tan m pase avèk zanmi m yo.

Ete patikilye sa a, youn nan travay mwen sete asire ke bèf yo ki t ap manje nan patiraj sou mòn nan pa t pete kloti a pou antre nan jaden ble a. Yon bèf ki manje ble k ap pouse ka balonnen, sa ki ka lakòz li toufe e mouri. Yon bèf an patikilye te toujou ap eseye foure tèt li nan kloti a. Yon jou maten, pandan m te sou cheval mwen arebò kloti a pou tcheke sou twoupo a, m te reyalize ke bèf la te pete kloti a epi li te antre nan jaden ble a. Avèk etonman, m te reyalize ke li te gen yon bon tan depi l t ap manje nan chan ble a paske li te deja anfle epi l te plis sanble ak yon balon. M te panse” ‘Ou menm, bèf ensanse! Kloti sa a te la pou pwoteje ou, men ou pete l e ou tèlman manje anpil ble ke lavi ou an danje.’

“M te kouri tounen nan kay sou fèm nan pou al chèche papa m. Men, lè nou te retounen, m te jwenn ni kouche atè a, li te mouri. M te tris paske nou te pèdi bèf la. Nou te ba li yon bèl patiraj sou yon mòn pou l te manje ak yon kloti pou kenbe l lwen ble danjere a, men nan foli li, li te pete kloti a e lakòz lanmò li.

“Lè m te reflechi sou wòl kloti a, m te reyalize ke sete yon pwoteksyon, menmjan kòmandman yo ak règ paran m yo sete yon pwoteksyon an. Kòmandman yo ak règ yo sete pou byen mwen. M te reyalize ke obeyi kòmandman yo te ka sove m anba lanmò fizik ak esprityèl. Eklèsisman sa a sete yon moman detèminan nan lavi mwen.”

Sè Arnold te aprann ke Papa eman, saj nou an ki nan Syèl la ba nou kòmandman yo, non pa pou limite nou, jan advèsè a ta vle fè nou kwè a, men pou beni lavi nou ak pwoteje bon renome nou ak eritaj nou pou jenerasyon demen yo---menmjan yo te fè pou Leyi ak Nefi a. Menmjan ak bèf la ki te sibi konsekans chwa li a, nou chak dwe aprann ke gazon an *pa janm* pi bèl sou lòt bò kloti a---e li pa p janm konsa, paske “inikite pa t janm bonè.”⁸ Nou chak pral sibi konsekans chwa nou yo nan fen lavi sa a. Kòmandman yo klè,

yo la pou pwoteje nou---yo pa limite nou--- e benediksyon mèveye obeyisans yo enkalkilab!

Papa nou ki nan syèl la te konnen ke nou tout t ap fè erè. Mwen rekonesan anpil pou Ekspyasyon an, ki pèmèt nou chak repanti, fè chanjman nesesè yo pou ke yon fwa ankò nou kapab fè youn avèk Sovè nou an, epi santi lapè dous padon an.

Sovè nou an envite nou chak jou pou nou pwòpte non nou epi retounen nan prezans li. Ankourajman l yo ranpli ak lanmou ak tandrès. Annou imajine akolad Sovè a pandan m ap li pawòl li yo: “Èske nou pa p retounen vin jwenn mwen, e repanti nan peche nou, konvèti pou m kapab geri nou”⁹.

Jodia, mwen ta renmen ba nou chak menm defi ke paran mwen, ke m ap toujou sonje akòz bon renome yo, te ban mwen an. Anvan ou aji, imajine Sovè a ki kanpe bòkote ou epi mande tèt ou, “Èske m t ap panse sa, èske m t ap di sa, oswa fè sa, konesan ke li la a?” Paske asireman li la a. Prezidan byeneme nou an, Thomas S. Monson, ke m temwaye ki se yon pwofèt, souvan site vèsè sa a nan ekriti yo lè l ap pale de Senyè nou ak Sovè nou an: “Paske m prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou”¹¹

Nan gran jou mèveye sa a lè na kanpe devan Sovè byeneme nou an pou rapòte sa nou te fè avèk non li, se pou nou kapab deklare: “Mwen fin mennen batay la byen mennen, mwen rive nan bout kous mwen, m te gade lafwa.”¹¹ “Mwen te onore non ou.” Mwen temwaye ke Jezi se Kris la. Li te mouri pou nou ka gen lavi. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. *Presidents of the Church Student Manual* (Church Educational System manual, 2003), 134.

2. Gade D&A 20:77.

3. Pwovèb 22:1.

4. Pwovèb 10:7.

5. Elaman 5:6—8; italik ajoute.

6. Mowoni 10:30, 32; italik ajoute.

7. Pou Fòs Jè n yo, (bwochi, 2001), 4.

8. Alma: 41:10.

9. 3 Nefi 9:13.

10. Doktrin ak Alyans 84:88.

11. 2 Timote 4:7.